



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI PREMYE DISPENSÈ KANABIS NAN NEW YORK KI POSEDE PA YON MOUN KI AFEKTE PA LAJISTIS**

***Gwo etap enpòtan pou endistri kanabis Eta New York la ak ouvèti 24 janvyè a nan Manhattan***

***Sipòte pa Fon Envestisman nan Kanabis pou Ekite Sosyal New York la, dispansè a bay opòtinite pou akselere lavant ak Konstwi kapital inisyal pou benefisyè lisans lan***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye lisans Dispansè pou Vant an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl (Conditional Adult-Use Retail Dispensary, CAURD) nan Eta New York ki posede pa yon antreprenè ki te deja kriminalize pa entèdiksyon kanabis epi ki te sipòte pa Fon Envestisman Kanabis pou Ekite Sosyal (Social Equity Cannabis Investment Fund) New York la, pral ouvri nan 144 Bleecker Street nan Manhattan nan madi, 24 janvyè a 10:00 AM. Ouvèti magazen sa a ede avanse objektif New York pou ekite an matyè lisans pou kanabis, ki priyorize bay lisans pou moun ki enplike nan jistis, ki se moun ki gen yon kondanasyon pou kanabis oswa yon fanmi pwòch yon moun ki gen yon kondanasyon.

"Dispansè sa a se dènye egzanp efò nou pou konstwi endistri kanabis ki pi ekite ak enklizif nan nasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye travay pou korije erè nan tan pase yo, mwen ap tann ak enpaysans nouvo dispansè yo - ki posede pa moun ki te plis afekte pa kontwòl eksèsif sou entèdiksyon kanabis la - k ap ouvri byento."

Roland Conner pral posede ak dirije dispansè ki rele Smacked LLC a, ak yon ouvèti dous kòm yon dispansè "Tanporè" jiska 20 fevriye. Menm jan ak kèk lòt dispansè inisyal ki pral sipòte pa Fon an, sa pral bay benefisyè lisans yo opòtinite pou yo ouvri sou yon baz akoutèm pou fè lavant rapid epi kòmanse jenere kapital pou biznis yo, apre sa yo pral fèmen pou konstriksyon final epi apre sa yo pral re-ouvri sou yon baz alontèm.

Pwogram Tanporè a fèt pou bay operatè a premye opòtinite fòmasyon yo anvan yo ouvri apletan, epi li pral benefisyè tout biznis ki enplike nan chèn ekipman pou kanabis, tankou kiltivatè ki gen kanabis ki pare pou distribisyon, transfòmasyon k ap transfòme kanabis an lòt kalite pwodwi, distribitè, ak operatè ki Vann an Detay yo,

ansanm ak konsomatè yo ki ap chèche aksè ak pwodwi ki pi an sekirite yo ka fè konfyans.

Avan yo te resevwa lisans sa a, Roland Conner te posede epi te dirije biznis jesyon pwopriyete nan Vil New York pou kenzen ane. Kounye a li jere yon etablisman lojman tranzisyonèl ki bayabri pou de douzèn gason nan Bronx. Mesye Conner ap ouvri Smacked LLC ak pitit gason l ak madanm li. Nan aplikasyon pou lisans li a, Mesye Conner te resevwa sipò Bronx Cannabis Hub (Sant Kanabis Bronx), ki te fonde pa Bronx Defenders (Defansè Bronx yo) ak Bronx Community Foundation (Fondasyon Kominote Bronx) pou sipòte moun ki aplike pou premye seri lisans CAURD yo.

**Mesye. Roland Conner te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m vin fè pati listwa kòm premye moun ki ouvri yon dispansè kanabis legal nan Vil New York. Etandone eksperyans mwen ak kanabis, mwen pa janm te ka imajine ke mwen ta pral ouvri yon magazen tankou sa a. Mwen rekonesan pou opòtinite mwen genyen pou m ouvri yon biznis ak pitit gason m ak madanm mwen bò kote m epi konstwi richès jenerasyonèl, travay ansanm, isit la nan New York. Men, sa a se pa sèlman mwen ak fanmi mwen. Li konsène tout moun ki te andomaje pa lwa dwòg represif yo nan tan lontan an. Angajman New York pou repara mal sa yo gras ak lalwa a enspiran. Mwen se prè angajman sa paske mwen kanpe isit la jodi a."

**Reprezantan Dan Goldman, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul ak ofisyèl eta yo paske yo te etabli Fon Investisman nan Kanabis pou Ekite Sosyal New York la pou bay priyorite opòtinite pou moun ki afekte nan sistèm jistis kriminel la. Anons jodi a montre Nouyòkè yo pran angajman pou yo kreye travay ak opòtinite pou kominote yo ki te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa aplikasyon inekitab lwa pinitif sou kanabis yo."

**Senatè Eta Liz Krueger te deklare,** "Aprè plizyè ane travay defansè yo, li tèlman agreyab pou wè mache an detay kanabis pou adilt yo finalman kòmanse pran fòm, epi fè sa ak yon konsantraasyon sou ekite ak repara domaj lagè echwe kont dwòg la. Nouyòkè yo kounye a gen aksè ak yon mache kanabis dirab ki an sekirite epi k ap grandi ki anrasinen nan yon angajman pou ekite sosyal. Mwen swete Mesye Conner chans nan biznis li epi mwen pa ka tann pou mwen wè plis ouvèti nan yon avni ki pwòch".

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Lè nou te adopte Lwa sou Règleman ak Taksasyon Marigwana (Marijuana Regulation & Taxation Ac), nou te mete eta a sou wout pou konstwi yon nouvo endistri kanabis ki santre sou ekite ki travay pou elimine mal pase yo. Mwen fyè pou m wè Eta New York ap kontinye suiv angajman sa a ak ouvèti Dispansè pou Vant an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl sa a ki posede pa yon benefisyè lisans ekite sosyal ak ekonomik epi ki sipòte pa Fon Investisman nan Kanabis pou Ekite Sosyal New York la."

**Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare,** "Mwen kontan anpil paske distri mwen reprezante a pral kay premye dispansè ki posede ak opere pa yon benefisyè lisans

Dispensè pou Vant an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl nan Eta New York. Mwen aplodi Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management) la ak Mesye Roland Conner pou angajman reflechi yo ak kominote a, ak pou lidèchip yo pandan n ap kòmanse aplike objektif Règlemantasyon ak Taks sou Marigwana a. Sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou asire ekite pou moun ki pi afekte pa entèdiksyon kanabis anvan an."

**Prezidan ak PDG DASNY, Reuben McDaniel III, te deklare,** "Konsepsyon biznis inovan sa a demontre kijan sektè piblik ak prive ka travay ansanm pou kreye opòtinite pou richès entèjenerasyonèl nan kominote Nwa ak Brown yo epi pou adrese enjistis istorik ki byen anrasinen yo. Sa a se yon etap enpòtan nan travay nou an pou kreye opòtinite nan tout Eta New York, ak anpil lòt k ap vini apre. Mwen rekonesan anvè Fon an paske li mennen nou nan jou sa a, ansanm ak kòlèg nou yo nan DASNY ak CBRE ki te bay sipò ak ekspètiz ki gen anpil valè."

**Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright, te deklare,** "Dispensè ki gen pwopriyetè tankou sa a montre angajman nou pou konstwi yon modèl k ap menen nan peyi a pou etabli yon endistri kanabis ekita ki fonksyone pou konpanse mal ki te koze pa aplikasyon lwa entèdiksyon kanabis yon fason ki pa pwopòsyonèl. Nou pa t 'kapab rive jodi a san sipò fèm Gouvènè Hochul ak Lejislati a epi mwen kontan wè endistri a ap kontinye avanse ak grandi ann akò ak objektif lwa kanabis eta nou an."

**Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, te deklare,** "Lè Gouvènè Hochul te lanse Inisyativ Opòtinite Semansman (Seeding Opportunity Initiative) an ane pase a, New York te pran yon angajman pou kòmanse endistri sa a ak siskè ak kiltivatè fanmi yo ak moun ki pi afekte pa entèdiksyon kanabis pou trase wout la. N ap respekte angajman sa a epi n ap ouvri mache legal la ak pwodwi ki pi an sekirite ke konsomatè yo ka fè konfyans."

**William Thompson, Direktè Antrepriz ki gen Enpak sou Ekite Sosyal pou Patnè Jeneral Fon an, te deklare,** "Patenarya Piblik-Prive-Sa a (Public-Private-Partnership, PPP) se yon gwo antrepriz, epi li reprezante yon nouvo estrikti inik, yon bagay ki pa janm te fèt anvan nan peyi a. Se sa lidè nan nivo eta a te gen entansyon fè epi se sa k ap reyalize. Fon an te pran devan nan evalye plizyè milye lokal; negosye, jere ak antre nan tout kontra lwaye; sipèvizè konsepsyon-konstriksyon espas la; epi mete an aplikasyon pwogram fòmasyon ak operasyon efikas pou ede operatè magazen endividyèl yo."

**Desmon Lewis, Ko-fondatè Bronx Community Foundation, te deklare,** "Roland Conner se egzakteman kalite pwopriyetè biznis ak lidè kominotè ke nou t ap eseye sipòte lè nou te etabli The Bronx Cannabis Hub la ak The Bronx Defenders la ane pase a. Lwa legalizasyon New York la pwomèt pou pote travay ak opòtinite pou moun ak kominote yo ki te soufri pandan plizyè deseni kriminalizasyon yo. Nou konnen pwomès sa yo p ap vin reyalite san envestisman ak sipò. Li apwopriye pou manm kominote ki soti toupatou nan vil la ak nan eta New York vini nan Bronx - yon kominote ki te afekte

plis pase okenn lòt pa entèdiksyon kanabis la - pou jwenn èd yo bezwen pou antre nan nouvo endistri kanabis sa a."

**Patrice Edwards, Direktè Bronx Cannabis Hub la, te deklare,** "Sa Mesye Conner te akonpli se yon temwayaj non sèlman pou pwòp detèminasyon li ak kouraj li, men pou valè li yo. Antanke pwopriyetè yon ti biznis, Mesye Conner deja ede Nouyòkè parèy li yo jwenn lojman pou ijans ak lojman tranzisyonèl nan yon moman kote lwaye ak degèpisman yo toujou byen wo. Kounye a, siksè Mesye Conner montre pwomès nouvo mache Cannabis la pou konstwi richès entèjenerasyonèl ke lwa ak politik echwe sou dwòg nou yo te refize depi lontan. Nou fyè dèske Hub la te kapab sipòte Mesye Conner epi nou pa ka tann pou l ede plis Nouyòkè tankou li reyalize menm siksè a."

**Justine Olderman, Direktè Egzekitif The Bronx Defenders, te deklare.** "The Bronx Defenders fyè dèske li fè pati yon etap enpòtan ki istorik konsa pou Eta New York. Nou te lanse Hub la ak yon sèl objektif nan tèt ou: asire ke New York kenbe pwomès li ke moun ki pi afekte pa kriminalizasyon kanabis la ta benefisye pi plis nan legalizasyon li. Eta a dwe bati sou momantòm sa a nan kontinye envesti ak sipòte inisyativ tankou Hub la. Li lè pou re-ekri eritaj Lagè kont Dwòg la."

Lokal la fè pati pwogram Fon an patwone, k ap travay avèk Kòporasyon Sèvis Ekite Sosyal (Social Equity Servicing Corporation, SESC), yon filyal Otorite Dòtwa pou Eta New York (Dormitory Authority for the State of New York, DASNY), pou sipòte akizisyon, konsepsyon, konstriksyon, ak ekipe lokal dispansè kanabis yo pou yo opere pa benefidye lisans CAURD yo. Otorize pa Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la, Fon an se yon patenarya limite piblik-prive ki fòme pou pozisyon antreprenè ekite sosyal yo pou yo reyisi nan nouvo endistri ki fèk kreye pou itilizasyon adilt New York la. Jere pa Antrepriz ki gen Enpak sou Ekite Sosyal, Fon an pral ede benefistye lisans CAURD yo ki enplike nan lajistis fè fas ak depans pou etabli dispansè pou vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt yo, ki gen ladan idantifikasyon ak lokasyon lokal ki vann an detay ki apwopriye ak konsepsyon, konstriksyon ak amenajman espas yo. Li sipòte jiska 50 milyon dola nan frè lisans ak revni ki soti nan endistri kanabis pou itilizasyon adilt yo ak jiska 150 milyon dola ki soti nan sektè prive a ki pral ranmase pa direktè Fon an. [Klike isit la a pou w aprann plis sou Fon an.](#)

Jiska dat, gen plizyè lokal ki disponib e ki pare pou premye konsepsyon ak konstriksyon pou benefisye lisans CAURD yo. Fon an pral fè anons lokal sa yo sou yon baz kontinyèl.

Lisans CAURD la se yon poto santral nan kad Inisyativ Opòtinite Semansman Eta New York la. Atravè Inisyativ la, premye dispansè pou vann an detay legalman pou itilizasyon adilt yo pral opere pa sila yo ki te afekte pa entèdiksyon kanabis oswa òganizasyon san bi likratif ki gen sèvis yo ki enkli sipò pou ansyen prizonye yo./ Dispansè sa yo pral vann kanabis legalman pou itilizasyon adilt ak pwodui kanabis ki kiltive pa Kiltivatè New York yo.

Pou ka elijib, aplikan yo dwe swa gen yon kondanasyon pou kanabis pou tèt yo, oswa yo dwe manm fanmi pwòch yon moun ki te kondane, epi posede oswa ki deja posede yon biznis ki te gen yon pwofi nèt pou omwen dezan. Òganizasyon san bi likratif yo elijib pou lisans CAURD si yo gen yon istwa nan sèvi ak moun ki nan prizon kounye a oswa ansyen prizonye, tankou kreye opòtinite pwofesyonèl pou yo; genyen omwen yon manm konsèy jistis ki enplike; omwen senk anplwaye aplentan; epi yo te opere yon antrepriz sosyal ki te gen byen nèt oswa pwofi pou omwen dezan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)